

Pwomosyon 2028

Egzijans pou Gradyasyon

Pou gradye nan yon Lekòl Piblik Providence, yon elèv dwe ① genyen pou pi piti 21 kredi kou nan kèk domèn kontni, ② patisipe nan pi piti yon egzamen preparasyon pou inivèsite ak pou karyè, ③ fè Pwojè gradyasyon ki baze sou pèfòmans sivik epi ④ fè Plan Aprantisaj Endividyèl la ak yon CV.

1 | Kondisyon pou kredi pou kou lekòl segondè

Pou kapab diplome, elèv yo dwe fini yon minimòm 21 kredi jan sa a mansyone anba a:

- ↳ 4 Lang Anglè
- ↳ 4 Matematik (Aljèb 1, Jeyometri, Aljèb 2 obligatwa)
- ↳ 3 Syans Sosyal (Istwa Mondyal obligatwa oswa ekivalan, Sivik, Istwa Etazini)
- ↳ 3 Syans (ki gen ladan 2 syans laboratwa)
- ↳ 2 Lang Inivèsèl (menm lang)*
- ↳ 2 Edikasyon Fizik/Sante
- ↳ 0.5 Boza
- ↳ 0.5 Syans Enfòmatrik
- ↳ Metriz finansye**
- ↳ 2 Matyè opsyonèl (pou pi piti 2 Matyè opsyonèl dwe nan nivo preparasyon pou inivèsite oswa pi wo pou elèv CTE ki pa pran matematik avanse nan ane siperyè yo. Pou pi piti 1 Matyè Opsyonèl dwe nan nivo preparasyon pou inivèsite pou tout elèv.)

*Ekip lekòl la ap detèmine eksepsyon pou egzijans langaj mondyal la jan sa a apwopriye.

**Yo ka ranpli sa a atravè yon Finans Pèsonèl oswa yon lòt kou ki apwouve, ki montre metriz pa pwodwi pou pwomosyon gradyasyon 2024. Yo pral mande 1.5 jiska 2 kredi ochwa adisyonèl pou elèv sa yo ki idantifye, selon fason yo konplete kou Metriz Finansye a.

2 | Ekzamen ki baze sou Preparasyon pou inivèsite ak karyè

Tès ak evalyasyon ki mansyone anba a mezire konpetans elèv la nan lekti, ekriti ak nan matematik. Pou kapab diplome, elèv yo dwe fini pou pi piti youn nan sa yo ki annapre yo:

- ↳ *PSAT/NMSQT
SAT Preliminè/ Tès Kalifikasyon pou Bousdetid Nasyonal (National Merit Scholarship Qualifying Test)
- ↳ *SAT
Ansyen Tès Evalyasyon Lekòl la, kounye a yo rele tou senpleman SAT
- ↳ ACT (Tès pou Inivèsite Ameriken)
- ↳ AP (Plasman avanse)

*Egzijans tès leta yo

Dwe patisipe nan tès leta pandan dezyèm ane ak twazyèm ane a.

3 | Pwojè gradyasyon ki baze sou pèfòmans sivik

Dwe fè yon Pwojè gradyasyon ki baze sou pèfòmans sivik.

4 | Fini Plan Aprantisaj Endividyèl (ILP) ki gen ladann yon CV

Anplis, yo ankouraje tout elèv ki gradye yo pou ranpli yon aplikasyon gratis pou èd federal pou elèv (FAFSA) Depatman Edikasyon Etazini oswa aplikasyon gratis pou èd leta pou etidyan.

Pakou Preparasyon

Elèv yo, fanmi yo ak ekip lekòl yo ka detèmine yon Pakou Preparasyon se kou etid yon elèv pa pi ta pase fen premye semès nan dezyèm ane a epi pa pita pase fen premye semès nan twazyèm ane yo a.

Pakou Preparasyon yo apwopriye pou elèv ki te travay pou ranpli kondisyon gradyasyon yo, ki te angaje nan tout entèvansyon ak sipò yo bay yo, epi ki ka bezwen yon lòt pakou pou gradyasyon. Fanmi yo ak elèv yo dwe angaje yo nan reyinyon enpòtan ak estaf lekòl la pou asire yo konprann epi bay konsantman ak kondisyon yo ak enplikasyon yo nan chanjman pwogram yo nan kritè yo, ki dwe dekri nan ILP yo epi yo dwe kominike atravè notifikasyon anyèl.

Pwosesis pou Kontestasyon Tout elèv ki pa rive satisfè egzijans minimòm distri lekòl yo pou gradyasyon an genyen dwa pou konteste rezolisyon sa a. Yo ka jwenn enfòmasyon sou pwosesis kontestasyon an nan Politik Egzijans pou Gradyasyon distri a nan:

www.providenceschools.org/graduation